



# FICH ENFÒMASYON SOU LOJMAN EKITAB POU LOKATÈ NAN VIL SOMERVILLE



**Lwa 1968 sou Lojman Ekitab la entèdi tout diskriminasyon nan vant, lokasyon, oswa nan finansman lojman. Sa gen ladan moun k ap chèche yon ipotèk, asistans lojman ak aktivite ki gen rapò ak lojman.**

Lwa sou Lojman Ekitab ak Vil Somerville pwoteje manm klas ki pwoteje sa yo: ras, koulè, kwayans, relijyon, sèks, andikap, timoun, sitiyasyon fanmi, sitiyasyon matrimonyal, preferans seksyèl, sous revni (Seksyon 8), estati militè, laj, zansèt ak/oswa orijin nasyonal.

Li ilegal pou pwopriyetè yo, ajan imobilye yo, pretè yo, oswa ajan yo, pou yo trete moun yon fason diferan sou baz swa sou swadizan moun nan soti swa paske moun nan soti vrèman nan yon klas ki pwoteje. Lwa sou lojman ekitab aplike ni pou pwopriyetè kay ni pou lokatè.

**Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou oswa ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou dwa w genyen anrapò ak lojman:**

- Kontakte Espesyalis nan Pwogram Vil Somerville la nan imèl nan [hsteinhart@Somervillema.gov](mailto:hsteinhart@Somervillema.gov), nan telefòn nan 617-625-6600 x2584, oswa an pèsòn nan 50 Evergreen Ave Somerville MA.
- Depoze yon plent nan Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon (Massachusetts Commission Against Discrimination, MCAD): <https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-commission-against-discrimination>
- Depoze yon plent nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing & Urban Development, HUD) Etazini: <https://www.hud.gov/fairhousing/fileacomplaint>

**Gade dyapozitif ki vin apre a pou kesyon moun poze souvan ak plis enfòmasyon...**



# FICH ENFÒMASYON SOU LOJMAN EKITAB POU LOKATÈ NAN VIL SOMERVILLE



## Kesyon yo Souvan Poze:

**K: Ki jan mwen ka mande yon aranjman rezonab oswa yon modifikasyon pou rezon andikap?**

R: Mande alekri. Yon aranjman rezonab se yon chanjman nan yon règleman, nan yon pratik, oswa sèvis pou pèmèt gen opòtinite egal nan lojman pou moun ki andikape. Yon modifikasyon rezonab se yon chanjman fizik oswa yon dispans nan yon inite oswa yon zòn itilizasyon piblik pou pèmèt yon moun ki gen yon andikap gen aksè pi fasil nan lokal yo epi pou itilize yo.

Yo pa ka refize chen ki la pou ede moun ak bèt pou sipò emosyonèl yo, eksepte nan ka gen bezwen aksè rezonab ki konfliktyèl.

**K: Mwen jis di mèt kay mwen an mwen pral fè yon timoun, epi li te di m li pa pral renouvle kontra lwaye mwen an. Yo pa t retire plon nan bilding kote m lwe a. Èske sa vyole dwa m?**

R: Wi, lwa Massachusetts yo mande pou pwopriyetè yo retire penti plon nan nenpòt apatman kote yon timoun ki poko gen 6 zan ap viv. Epitou, pwopriyetè kay la pa kapab refize lwe ou kay paske apatman an gen penti plon ladan.

**K: Yon moun ap menase m pou l denonse m bay sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Ozetazini (Immigration and Customs Enforcement, ICE) si mwen reklame dwa m genyen anrapò ak lojman an. Èske mwen bezwen divilge estati imigrasyon mwen lè mwen fè yon demann pou lojman ekitab?**

R: Ajans investigasyon sou Lojman Ekitab tankou HUD ak MCAD pa poze kesyon sou sityasyon imigrasyon.

**K: E si yon pwopriyetè oswa yon koutye di m yo pa aksepte kupon asistans pou lwaye tankou RAFT oswa Seksyon 8?**

R: Sa a se yon vyolasyon anrapò ak lojman ekitab, li ilegal dapre lwa Massachusetts yo ki entèdi tout diskriminasyon kont moun k ap resevwa asistans piblik, tankou asistans sosyal, SNAP, oswa asistans pou lwaye

**K: Mwen panse mwen viktim nan yon prè ki tankou yon ponya, èske lwa Massachusetts yo otorize sa?**

R: Non, yo pa otorize pou moun bay moun ponya. Se ka kote moun k ap prete a resevwa yon prè oswa yo ankouraje l pou l pran yon prè ki gen tèm ak kondisyon ki pa rezonab tankou frè ki egzajere ak to enterè ki wo.